

Enfòmasyon pou Paran



Si fanmi w ap viv nan youn nan nenpòt sitiyasyon sa yo:

- ❖ Nan yon sant dakèy, yon motèl, nan machin oswa nan yon kan
- ❖ Nan lari
- ❖ Nan kay abandone, kay mobil osinon lòt akomodasyon ki pa apwopriye, oswa
- ❖ Fè ladesant kay zanmi oswa paran paske ou pa kab jwenn osinon ou pa gen mwayen pou peye kay.

Konsa, pitit ou ki gen laj pou ale nan preskolè ak sa ki gen laj pou ale lekòl yo gen yon seri dwa oswa garanti ki pwoteje yo nan kad Lwa McKinney-Vento pou ede nan Edikasyon moun ki sanzabri.

Pitit ou yo gen dwa pou:

- Ale lekòl, kelkeswa kote ou rete oswa depi konbyen tan ou te rete la. Yo dwe kapab jwenn menm kalite edikasyon piblik menm jan avèk tout, menm si se nan edikasyon preskolè.
- Kontinye nan lekòl yo te ye avan ou te vini san sanzabri oswa dènye lekòl yo te ale, si se chwa pa ou ak si se posib. Si yon lekòl voye pitit ou a nan yon lekòl ki diferan ak sa ou te vle a, lekòl la dwe ba ou yon eksplikasyon alekri ak ba ou dwa pou pote desizyon ann apèl.
- Resevwa transpò nan lekòl yo te ye avan fanmi ou yo te vini san lojman oswa dènye lekòl yo te ale, si ou menm oswa yon responsab mande pou transpò.
- Ale lekòl ak patisipe nan pwogram lekòl ki gen timoun ki pa san sanzabri. Yo pa dwe retire timoun yo nan pwogram nòmal lekòl la poutèt yo pa gen kay pou yo abite.
- Enskri lekòl san bay yon adrès definitiv. Lekòl yo pa gen dwa mande prèv adrès k ap anpeche oswa ranvwaye enskripsyon lekòl la.
- Enskri ak ale nan klas yo pandan lekòl la ap fè demach pou fè transfè dosye lekòl ak vaksinasyon elèv la oswa nenpòt lòt dokiman yo mande pou enskripsyon.
- Enskri ak ale nan klas nan lekòl ou vle a menm pandan lekòl la ansanm avèk ou ap chèche rezoud yon pwoblèm sou enskripsyon pitit ou yo.
- Resevwa menm kalite pwogram ak sèvis espesyal yo, si nesèsè, menm jan yo sèvi tout lòt timoun ki nan pwogram sa yo.
- Resevwa transpò pou ale lekòl ak nan pwogram lekòl la ap fè yo.

Lè ou demenaje, men sa ou dwe fè:

- Kontakte moun ki reprezante lyezon lokal distri a pou edikasyon moun ki san kay nan distri lekòl la (gade nimewo telefòn nan anba a) pou ede w enskri pitit ou a nan yon nouvo lekòl osinon aranje pou pitit ou a kontinye nan ansyen lekòl li a. (Oswa, yon moun nan sant dakèy, biwo sèvis sosyal, osinon lekòl la kapab dirije kote moun ou bezwen pran kontak la.)
- Kontakte lekòl la pou bay nenpòt enfòmasyon ou panse ki kapab ede pwofesè yo, pou ede pitit ou a adapte li ak nouvo sitiyasyon sa yo.
- Mande lyezon lokal edikasyon pou moun ki san kay, responsab sant dakèy osinon yon travayè sosyal pou ede ou jwenn rad ak materyèl ou bezwen yo, si nesèsè.

Kontak Pou Zòn ou Rete:

Beth A. Lefler
Homeless Education Liaison
(561) 494-1473
Department of Safe Schools

Kowòdonatris pou Eta a:

Dept. of Ed. Florida
Homeless Education Program
(850) 245-0414

Si w bezwen plis èd, rele *National Center for Homeless Education*, (Sant Nasyonal pou Edikasyon moun san lojman yo) nan nimewo gratis sa a:

1-800-308-2145

